137 *Tipeiwo Ushingi*

(Mabasa 4:29)

1. **Tinoparidza Umambo,**
   Pamwe nezita renyu,
   Vazhinji vanotishora
   Kuti vatinyadzise.
   Asi hatimbovatyi,
   Watinoterera ndimi.
   Tipeiwo simba, tapota;
   'She Jehovha tinzweiwo.

(***KORASI***)

Tizadzei neushingi;
Kuti tirege kutya.
Titaure nechivimbo
Nyika yose izvinzwe.
Hondo yenyu yaswedera,
Asi, takaimirira,
Tizadzei neushingi.
Takumbira.

2. **Kunyange tinganzwa kutya,**
   Munoziva tiri 'vhu.
   Imi muchatitsigira
   Sezvamakavimbisa.
   Inzwai kutaura
   Kwevanotityisidzira.
   Tibatsirei tisarega
   Kutaura neushingi.

(***Korasi***)

© 2014 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

(Onawo 1 VaT. 2:2; VaH. 10:35.)